# ÓZBEKSTANDA AWÍL XOLALÍǴÍ TARIYXÍNÍŃ SOVET DÁWIRINDE ÚYRENILIWI

**Балтабаев Казбек Куанышбай улы** – *магистрант*
*Азия Халықаралық университети*

# СЕЛЬСКОЕ ХОЗЯЙСТВО В УЗБЕКИСТАНЕ ИЗУЧЕНИЕ ИСТОРИИ В СОВЕТСКИЙ ПЕРИОД

**Балтабаев Казбек Куанышбай улы** – *магистрант*
*Международный университет Азии*

# AGRICULTURE IN UZBEKISTAN STUDYING HISTORY IN THE SOVIET PERIOD

**Baltabaev Kazbek Kuanyshbay ulu** – *Master's student*
*International University of Asia*

**Tayanısh sózler:** sanaatlastırıw, agrar siyasat, kollektivlestiriw, tariyxıy processler, awıl xojalıǵı, xalıq xojalıǵı, ekonomika.

**Rezyume.** Usı maqalada 1920-1935-jillar aralıǵında Ózbekistanda sovet húkimetiniń júrgizgen agrar ekonomikalıq siyasatı, onıń jergilikli diyqan xojalıqlarına bolǵan unamsız tásirin hám usı siyasattıń nátiyjelerin hár qıylı tariyxıy ádebiyatlar, kitaplar hám ilimiy jumıslardı analiz etken halda sáwlelendiriwge qaratılǵan. Bul dáwirdi sáwlelendiriwde sovet dáwirindegi hám ǵárezsizlik dáwirindegi tariyxıy maǵlıwmatlar hám cifrlardı tallaw arqalı durıs juwmaq shıǵarıwǵa umtılıw islendi.

**Ключевые слова:** индустриализация, аграрная политика, коллективизация, исторические процессы, сельское хозяйство, народное хозяйство, экономика

**Резюме.** В данной статье, анализируя различную историческую литературу, книги и научные труды, освещается аграрно-экономическая политика советской власти в Узбекистане в период с 1920 по 1935 годы, ее негативное влияние на местные крестьянские хозяйства и результаты этой политики. При освещении этого периода были предприняты попытки сделать правильные выводы, анализируя исторические данные и цифры советского периода и периода независимости..

**Key words:** industrialization, agrarian policy, collectivization, historical processes, agriculture, national economy, economy.

**Summary.** This article aims to reflect the Soviet government's agrarian economic policy in Uzbekistan between 1920 and 1935, its negative impact on local farms, and the results of this policy, by analyzing various historical literature, books, and scholarly works. In describing this period, an attempt was made to draw the correct conclusion by analyzing historical data and figures from the Soviet era and the period of independence.

Búgin jańalanıp atırǵan Ózbekstan aldında, jedellik penen ózgerip atırǵan dáwirdiń zamanǵa sáykes, tariyx iliminiń aldında da, hár tárepleme erkin pikirge ie, joqarı bilimli hám watandı súyiwshi áwladtı tárbiyalawdı aktual másele sıpatında qoymaqta. Solay eken, óz tariyxın, milliy ózligin áyyemgi dástúr hám úrp-ádetlerin bilmegen, onı ańlay almaǵan xalıq tez arada óziniń azatlıǵın hám de júz jıllar dawamında ata-babalarınıń mashaqatlı miyneti, shekken miynetleri hám tókken qanları menen qurılǵan milliy mámlekechiligin hám ǵárezsizligin joǵaltadı. Xalqımız neshe júz jıllar dawamında túrli talap-toparlardıń hám basqınshılıq sharayat ta ózligin saqlap qaldı. "Ózbek xalqınıń tariyxında qanday qıyın dáwirler, awır sınaqlar bolǵanın hámmemiz jaqsı bilemiz [1].

Búgingi globallasıw procesinde hár qıylı jat mádeniy, ideyalıq hújimlerge qarsı gúresiwde tariyxımızdı tereń, hár tárepleme puqta hám qalıs úyreniw sheshiwshi rol oynaydı. [2]

Awıl xojalıǵı - xalıq ushın azıq-awqat ónimlerin jetkerip beriwshi tiykarǵı dárek. Házirgi waqıtta ol keń tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwshı sanaattıń bir qansha tarmaqları ushın shiyki zat jetkerip beredi. Mısalı, awıl xojalıǵı shiyki zatınıń úlesi (qiymat jaǵınan) jip-gezleme sanaatında barlıq materiallıq qárejetlerdiń 60 procentin, konditer sanaatında 70 procentke jaqın, may hám sút sanaatında derlik 80 procentti quraydı. Bulardıń hámmesi sonı kórsetedi, awıl xojalıǵı óndirisin kewildegidey pátler menen rawajlandırmasa, xalıqtıń turmıs dárejesin arttırıwdıń hesh qanday jaqsı baǵdarlamasın da júzege shıǵarıw múmkin emes.

Awıl xojalıǵı materiallıq óndiristiń tiykarǵı tarmaqlarınan biri. Diyqanshılıq hám sharwashılıq ónimlerin alıw ushın eginler egiw hám sharwa malların kóbeytiw menen shuǵıllanadı, xalıqtı azıq-awqat ónimleri hám xalıq xojalıǵınıń bir qansha tarmaqların shiyki zat penen támiyinleydi. Awıl xojalıǵı ósimlik hám haywan ónimlerin

dáslepki qayta islewdiń túrli tarmaqların da óz ishine aladı. Islep shıǵarıwdıń basqa tarawlarınan ózgeshe túrde awıl xojalıǵı júdá úlken maydanlarda hám aymaqlıq hár qıylı sharayatlarda alıp barıladı. Onda jer (tiykarǵı óndiris quralı), jaqtılıq, ıssılıq, suw hám tiri organizmler - ósimlik hám haywanlardan paydalanıladı.

Awıl xojalıgınıń tiykarǵı tarmaqları diyqanshılıq hám sharwashılıq. Olar da óz náwbetinde bir qansha kishi tarmaqlarga bólinedi (diyqanshılıqta - atızshılıq, ovosh jetistiriw, palız jetistiriw, baǵshılıq, togay xojalıǵı hám basqalar; sharwashılıqta - qaramalshılıq, qoyshılıq, jılqıshılıq, shoshqashılıq, qusshılıq, pal hárreshilik, pilleshilik hám basqalar); Óz náwbetinde, diyqanshılıq hám sharwashılıq tarmaqları egiletuǵın eginler (ǵálleshilik, salıgershilik, paxtashılıq) hám sharwa malları túrleri (qaramal, qoy, at, túye) boyinsha toparlanadı.

1925-1935-jılları Ózbekstanda awıl xojalıǵı sovet hakimiyatınıń agrar siyasatı tásirinde túpten ózgerdi. Bul dáwir jer-suw reformaları, jámáátlestiriw (kollektivlestiriw) hám paxta monopoliyasın ornatiw procesleri menen xarakterlenedi. 1925-1935-jıllardaǵı awıl xojalıǵı tariyxınıń tiykarǵı basqıshları:

Jer-suw reformaları (1925-1929): Sovet húkimeti Ózbekistanda baylar hám jer iyelerinin jerlerin konfiskaciyalap, kámbagal diyqanlarga bólip beriw siyasatın júrgizdi. Bul reformalar tiykarınan iri jer iyeleri klasın joq etiw hám sovet hákimiyatınıń awıldaǵı sociallıq bazasın bekkemlewge qaratılǵan edi.

Májbúriy kollektivlestiriw (1929-1930-jillar bası): 1929-jildan baslap "jalpı kollektivlestiriw" siyasatına ótildi. Diyqanlardıń jeke xojalıqları májbúriy túrde kolxozlarga birlestirile baslandı. Bul process kúshli qarsılıqlarga sebep boldı hám "qulaqlastırıw" (baylardı klass sipatında joq etiw) bánesinde mıńlap shańaraqlar repressiya etildi.

Paxta monokulturası: 1920-jıllardıń ekinshi yarımınan baslap Ózbekstan májbúriy túrde SSSRdıń paxta bazasına aylandırıldı. Ǵálle egiletuǵın jerler azaytılıp, paxta maydanları keńeytildi, bul bolsa azıq-awqat jetispewshiligine hám diyqanlardıń ekonomikalıq ǵárezliligine alıp keldi.

Kolxoz sistemasınıń ornatılıwı (1932-1935): 1932-jilga kelip Ózbekistanda kolxozlardı shólkemlestiriw tiykarınan juwmaqlandı. Jeke múlikshilik derlik saplastırılıp, diyqanlar kolxoz múlkine aylandırıldı.

1925-1935-jıllardaǵı keskin agrar siyasat awıl xojalıǵında óndiris krizisine, sharwa mallarınıń azayıp ketiwine hám ǵalaba asharshılıq qáwpine alıp keldi. Sonday-aq, dástúriy diyqanshılıq mádeniyatı buzılıp, awıl xojalıǵı pútkilley mámleketlik buyırtpanı orınlawǵa boysındırıldı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Mirziyoyev Sh.M. Erkin va faravon, demokratik O`zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. O`zbekiston Respublikasi Prezidenti lavozimiga kirishish tantanali marosimiga bag`ishlangan Oliy Majlis palatalarining qo`shma majlisidagi nutqi T: ”O`ZBEKISTON”, 2019. 5-bet.

2. Shamsutdinov R. O‘zbekistonda sovetlarning quloqlashtirish siyosati va uning fojiali oqibatlari.T.2008.